

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa (Iskandarwassid, 2003: 138). Salah sahiji *genre*-na nu remen kapanggih nya éta novel. Novel kaasup kana *genre* karya sastra modérn. Ku kituna, novel leuwih dipikawanoh ku balaréa batan *genre* karya sastra séjénna.

Dina hasanah karya sastra—novel détéktif—Sunda hususna, langka nu medar bagbagan ajén-inajén kawanojaan (féminis). Pon kitu deui jeung pangarangna—wanoja—langka nu medar perkara féminis (dina wangun novel). Dina ayana gé tangtu teu loba. Sok sanajan kitu, numutkeun Djajanegara (2000: 51), karya sastra naon waé gé bisa dikaji tina jihad féminis, asal aya tokoh wanojana.

Wanoja biasa diposisikeun salaku mahluk kadua sanggeus lalaki. Éta anggapan téh muncul balukar tina asal-usul mimiti ayana mahluk kangaranan manusa. Sakumaha nu geus pada dipikanyaho ku balaréa, yén manusa nu munggaran aya (diciptakeun ku Alloh SWT) téh nya éta Nabi Adam a.s., sedengkeun manusa kaduana nya éta Siti Hawa (salaku manusa nu diciptakeun tina tulang rusuk Nabi Adam a.s pikeun nyarengan anjeunna). Ku kituna, sok aya anggapan yén wanoja mah salawasna jadi mahluk kadua, aya di handapeun kaum lalaki, teu pantes nyiar élmu, teu pantes digawé, teu miboga kakawasaan, jsté., padahal mah kaum wanoja gé miboga hak nu sarua jeung kaum lalaki.

Diriwayatkeun ku Abu Hurairah r.a. dina hiji waktu aya nu naros ka Kangjeng Nabi Muhammad SAW, saurna, “*Ya Rasulullah, siapakah yang berhak aku layani (saha nu ngawitan kedah kenging panghormat)?*”, Kangjeng Nabi ngawaler, “Ibu anjeun (*Ummuka*)”. Kadua kalina, “Lajeng saha?”, Kangjeng Nabi tetep ngawaler, “Ibu anjeun (*Ummuka*)”. Katilu kalina, “Lajeng saha deui?”, waleran Kangjeng Nabi henteu robih, “Ibu anjeun (*Ummuka*)”. Nembé nu kaopat kalina ditaros, Kangjeng Nabi ngawaler, “Bapa anjeun (*Abuuka*)” (H.R. Bukhori Muslim dina Abdul Baqi, 2007: 923).

Tina riwayat di luhur, bisa dicindekkeun yén dina Islam mah darajat nu jadi indung (wanoja) téh leuwih luhur tibatan nu jadi bapa (lalaki). Upama ditilik salaku mahluk, manusa téh di payuneun Allah SWT mah sami, taya nu béda, iwal luhur handapna tingkat kaimanan jeung katakwaan. Sumawonna ari masalah kalungguhan, hak, jeung kawajiban mah tangtuna gé pasti béda, boh tina fisik (raga) boh psikis (jiwa), dina hal ieu tina segi *gender*.

Dipatalikeun jeung karya sastra (novel), boh pangarang boh tokoh nu aya dina novel, wanoja remen katideresa, ngarasa meunang kateuadilan, ngarasa dimarjinalkeun. Hal éta tangtuna teu leupas tina paradigma superior-inferior. Konsép *gender (stereotip)*: lalaki téh kuat, kasar, rasional, aktip, digawé di luar imah (publik), sedengkeun awéwé lemah, lemes, émosional, ukur masak, ngurus budak, pasip, cukup ku jadi ibu rumahtangga (doméstik), jsb. Disagigireun ti éta, ku lantaran *gender* mah sipatna sosial jeung kultural, munasabah upama sabalikna—lalaki nu

lemah, émosional, *keibuan*, sedengkeun awéwé kuat, kasar, rasional, jsb. Béda jeung séks nu museur kana biologis—sifatna mutlak sacara kodrati.

Seks mengacu kepada ciri-ciri biologis masing-masing jenis kelamin, misalnya untuk laik-laki adalah berpenis, berzakar, dan bersperma sedangkan untuk ciri perempuan adalah berahim, bervagina, dan memiliki alat untuk menyusui. Ciri-ciri biologis ini melekat secara permanen dan tidak bisa diubah serta dipertukarkan karena sudah merupakan ketentuan Tuhan yang disebut dengan kodrat. Sedangkan gender adalah suatu sifat yang melekat pada laki-laki dan perempuan yang dikonstruksi secara sosial dan kultural. Misalnya, laki-laki dalam masyarakat dikenal memiliki sifat kuat, rasional, jantan, dan perkasa, sedangkan perempuan dikenal memiliki sifat lemah lembut, emosional, dan keibuan. Berbeda dengan ciri-ciri seks, ciri-ciri gender ini bisa berubah dan bertukar, artinya ada laki-laki yang emosional, lemah lembut, dan keibuan, serta ada pula perempuan yang kuat, rasional, dan perkasa.

[Séks nyoko kana ciri-ciri biologis jenis kelamin sewang-sewangan, misalna pikeun lalaki miboga pénis jeung spérma, sedengkeun pikeun awéwé miboga rahim jeung pinareup pikeun nyusuan. Ieu ciri-ciri biologis téh geus matok tur teu bisa dirobah atawa dipatukeurkeun, sabab geus mangrupa katangtuan Nu Maha Kawasa, nu disebut kodrat. Sedengkeun *gender* mangrupa sipat nu aya di diri lalaki jeung awéwé nu dikonstruksi sacara sosial jeung kultural. Misalna, lalaki di masarakat dipikawanoh miboga sipat nu kuat, rasional, gagah rongkah, sedengkeun awéwé dipikawanoh miboga sipat nu héngkér, lemes, émosional, jeung *keibuan*. Béda jeung ciri-ciri séks, ieu ciri-ciri *gender* téh bisa robah tur patukeur, hartina aya lalaki nu émosional, héngkér, lemes, jeung *keibuan*, sarta aya ogé awéwé nu kuat, rasional, jeung gagah] (Fakih dina Hamdani, 2008: 146-147).

Cindekna, *gender* téh lain kodrat sacara biologis, tapi mangrupa konstruksi sosial-kultural nu bisa dipatukeurkeun tur merenahkeun awéwé-lalaki dina konsép féminin-maskulin.

Upamana dina pangarang, tétéla karya lalaki dominan—leuwih loba—batan karya wanoja. Atuh tokoh dina karyana gé, boh karangan lalaki boh karangan wanojana sorangan, karéréaanana mah tokoh wanojana nu mindeng katideresa téh. Hal éta dibalukarkeun ku perbédaan jeung kateuadilan *gender* téa. Teu béda jeung

kahirupan sapopoé, tokoh wanoja dina novel gé karéréaanana mah digambarkeun salaku tokoh nu pasip, lemah, émosional, jeung salawasna aya dina tataran domestik, sedengkeun tokoh lalaki digambarkeun salaku tokoh nu aktip, kuat, rasional, jeung layak pikeun digawé di luar imah (publik).

Ayana anggapan-anggapan saperti wanoja mah salawasna aya di handapeun lalaki, darajatna di handapeun lalaki, lemah (*inferior*), sarta ngarasa meunang kateuadilan di sawatara widang alatan bédana jenis kelamin, ngabalukarkeun muncul hiji gerakan ti sakumpulan wanoja nu disebut féminisme. Ceuk kaum féminis, wanoja téh asa dijadikeun bonéka, asa saukur jadi piaraan kaum lalaki (dina rumahtangga). Ku sabab kitu, kaum féminis baruntak, yén kaum wanoja gé miboga hak nu sarua jeung kaum lalaki, teu ngan saukur ngurus rumahtangga, masak, atawa ngurus budak hungkul, tapi miboga hak di sagala widang, boh politik, ekonomi, sosial, atawa budaya. Pikeun meunangkeun pendidikan nu layak (sakola luhur) jeung digawé pikeun nyumponan pangabutuh kulawarga, upamana.

Enas-enasna mah hakékat féminisme téh nya éta hiji bentuk *perlawanan*, bébas tina rasa kateuadilan, katideresa, jeung *kekerasan*. Sanajan kitu, tujuan ahirna mah lain hayang leuwih unggul antara hiji kelompok jeung kelompok lianna (dina hal ieu kaum wanoja ka kaum lalaki, atawa pamuseuran kakawasaan di hiji pihak), tapi ngawangun deui masarakat sangkan teu katideresa, tanpa ayana rasa kateuadilan, jeung *kekerasan*. Féminisme saukur ngayakinkeun yén kaum wanoja gé merdéka awak, diri, jeung hirupna.

Panalungtikan nu patali jeung kawanojaan saméméhna geus aya nu nalungtik, tapi nu husus museurkeun kana ajén-ajén féminis, sumawonna kana novel *Suminar* salaku objék panalungtikanana mah, can aya. Sawatara panalungtikan beunang mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, FPBS UPI, dina wangun skripsi, di antarana.

1. Suwastuti. 2002. *Visi jeung Misi Wanoja Sunda dina Novel Galuring Gending karangan Tatang Sumarsono (Analisis Struktural-Sémiotik)*.
2. Angi Remainatit. 2002. *Visi jeung Misi Wanoja Sunda dina Antologi Carita Pondok Guriang Tujuh karangan Sastrawati Sunda (Analisis Struktural-Sémiotik)*.
3. Ellys Kania Damayanti. 2002. *Visi jeung Misi Tokoh Wanoja Sunda dina Novel Carios Agan Permas Karya Joehana (Analisis Struktural-Sémiotik)*.
4. Tia Agustiani. 2002. *Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon Mirah Dalima Karangan Kis WS*.
5. Munisa Ambarina. 2004. *Unsur-unsur Féminis dina Novel Kembang-kembang Petingan Karangan Holisoh M.E.*
6. Siti Saribanon Nurjanah. 2004. *Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon Jurig Paséa jeung Nyi Karsih karangan Tini Kartini*.
7. Nita Kurniawati. 2006. *Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon Surat keur ka Sawarga Karangan Patrem*.
8. Sri Rahayu. 2006. *Kajian Ékoféminis kana Tokoh Nyi Puhaci dina Wawacan Sulanjana*.

9. Dedi Taopik. 2006. *Citra Wanoja dina Sastra Sunda: Kritik Sastra Féminis Idéologis kana Novel Sunda Saméméh Perang*.
10. Tarlan. 2007. *Wanoja jeung Inférioritas (Kajian Féminis kana Novel Carios Agan Permas Karya Joehana)*.

Salian ti éta, aya ogé tésis nu nalungtik bagbagan féminisme Sunda, salah sahijina nya éta *Suara Perempuan dalam Novel Sunda Puputon 'Buah Hati' Karya Aam Amilia: Kajian Féminis*, beunang Retty Isnendes (2004, FIS, UGM).

Karya sastra Sunda nu euyeub ku ajén-ajén kawanojaan mémang teu saeutik (boh karangan lalaki boh karangan wanoja), tapi nu 'ditamplokkeun' dina winangun novel mah—husus karangan wanoja—asana téh langka. Tina puluhan pangarang wanoja, nu 'ngaéksprésikeun' karyana kana winangun novel (Sunda)—nu medar bagbagan kawanojaan—bisa diitung ku ramo. Husus novel Sunda (détéktif), pangarang wanoja nu bisa némbongkeun tokoh wanoja nu mandiri dina karyana téh, nya Anna Mustikaati (Aam Amilia). Katémbong dina dua karyana, *Kalajengking* jeung *Suminar*.

Dipilihna novel *Suminar* salaku objék dina ieu panalungtikan téh duméh dikasangkutan ku ayana rasa kapanasaran kana eusina. Nilik kana téma carita tur tokoh-tokohna nu méh sararua jeung tokoh-tokoh nu aya dina novel *Kalajengking*—nu némbongkeun watek wanoja nu mandiri—muncul anggapan yén *Suminar* téh bisa jadi terusanana. Hal éta dibalukarkeun ku lobana kamiripan dina dua éta novel. Lian ti éta ogé, ieu novel téh kawilang anyar, pedalan nu munggaranna bulan Januari 2008.

Saperti nu geus disebutkeun di luhur, *Suminar* mangrupa salah sahiji novel—détéktif—nu némbongkeun watek wanoja nu mandiri. Ieu karya sastra téh perlu ditalungtik, sabab—sakanyaho panalungtik—saméméhna can aya nu nalungtik, hususna dina tilikan féminis. Kamandirian tokoh Suminar jeung sawatara tokoh wanoja séjénna nu dihadirkeun dina ieu novel, ngalantarankeun ieu novel téh jadi matak kataji pikeun dikaji ngaliwatan téori féminis. Ku kituna, patali jeung hal di luhur katut judulna, ieu panalungtikan téh medar bagbagan *Ajén-ajén Féminis dina Novel Suminar* Karangan Anna Mustikaati.

## **1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah**

### **1.2.1 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh dirumuskeun kana masalah ajén-ajén féminis dina novel *Suminar*, dumasar kana ajén négatif jeung positif. Ajén négatif ditémbongkeun ngaliwatan kateuadilan-kateuadilan *gender* nu dirandapan ku sawatara tokoh wanoja, sedengkeun ajén positifna ditémbongkeun ngaliwatan kaféminisan tokoh Suminar jeung sawatara tokoh wanoja séjénna. Dina ieu panalungtikan ogé didéskripsikeun heula ngeunaan déskripsi novel, nu ngawengku patalina antara pangarang jeung novel, déskripsi novel, jeung ringkesan novel.

### 1.2.2 Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan, diwatesanan kana sababaraha masalah, di antarana saperti ieu di handap.

1. Kumaha gambaran novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati?
2. Kateuadilan *gender* naon waé nu dirandapan ku sawatara tokoh wanoja dina novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati?
3. Kumaha kaféminisan tokoh *Suminar* jeung sawatara tokoh wanoja séjénna dina novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan saperti ieu di handap.

1. Ngadéskripsikeun gambaran novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati.
2. Ngadéskripsikeun kateuadilan *gender* nu dirandapan ku sawatara tokoh wanoja dina novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati.
3. Ngadéskripsikeun kaféminisan tokoh *Suminar* jeung sawatara tokoh wanoja séjénna dina novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan di antarana.

1. Bisa ngabeungharan karya sastra, hususna Sunda.



2. Bisa nambahan pangaweruh kana karya sastra, hususna anu patali jeung kritik sastra féminis.
3. Bisa méré gambaran ngeunaan kumaha bagbagan ajén-ajén féminis nu nyangkaruk dina novel *Suminar*.
4. Bisa méré gambaran pikeun panalungtikan kahareupna, hususna nu medar karya sastra dina tilikan féminis.
5. Bisa méré gambaran pikeun pangajaran sastra (Sunda) di sakola jeung paguron luhur, hususna nu patali jeung novel tur kawanojaan.

### 1.5 Anggapan Dasar

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan, di antarana.

1. Karya sastra mangrupa mimésis/titiron/gambaran tina kahirupan.
2. Dina karya sastra Sunda (novel) aya sababaraha novel nu euyeub ku ajén-ajén kawanojaan nu kudu dipesék.
3. Novel-novel karya Anna Mustikaati (Aam Amilia) euyeub ku ajén-ajén kawanojaan, *Suminar* salah sahijina.
4. *Suminar* minangka sambungan tina *Kalajengking*.
5. Feminis mangrupa gerakan kaum wanoja nu nganggap yén wanoja gé bisa sajarah jeung kaum lalaki, kaum wanoja miboga hak nu sarua jeung kaum lalaki dina sawatara widang.
6. Kaum wanoja biasa diposisikeun salaku mahluk kadua sanggeus lalaki.

## 1.6 Tatapakan Téori

Téori nu dipaké pikeun tatapakan dina ieu panalungtikan nya éta téori panalungtikan jeung téori sastra (féminis). Sawatara buku nu nyoko kana téori panalungtikan, di antarana *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek* (Suharsimi Arikunto, 2002); *Teori, Metode, dan Téhnik Penelitian Sastra: dari Strukturalisme hingga Postrukturalisme* (Nyoman Kutha Ratna, 2004); *Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan Bahasa* (Amir Suyatna, 1994); jeung *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah* (Depdiknas UPI, 2006).

Buku-buku nu nyoko kana téori sastra (féminis), di antarana, *Kritik Sastra Feminis: Sebuah Pengantar* (Soenardjati Djajanegara, 2000); *Ensiklopedia Feminisme* (Maggie Humm, 2002); *Wanita di Mata Wanita* (Sugihastuti, 2000); *Tafsir Feminis Versus Tafsir Patriarki* (Abdul Mustaqim, 2003); *Feminist Thought: Pengantar Paling Komprehensif kepada Arus Utama Pemikiran Feminis* (Rosemarie Putnam Tong, 1998); *Membincangkan Feminisme* (Dadang S. Anshori, dkk., 1997); *Reinterpretasi Gender* (Barbara Freyer Stowasser, 2001); jeung *Feminisme Untuk Pemula* (Susan Alice Watkins, dkk., 2007).

## 1.7 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih ngajéntrékeun deui kana masalah nu dipedar, ieu di handap aya sababaraha istilah nu patali jeung judul panalungtikan.

1. Ajén, miboga harti pangaji, harga (LBSS, 1992: 7). Demi ajén-ajén dina ieu panalungtikan mah dihartikeun kana nilai-nilai.

2. Féminis, sacara étimologis asal kecapna tina *femme* (woman), nu hartina awéwé (tunggal) nu bajuang pikeun merjuangkeun hak-hak kaum wanoja (jamak), salaku kelas sosial (Ratna, 2004: 184).
3. Novel nya eta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur carita atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang) (Iskandarwassid, 2003: 93).
4. *Suminar*, mangrupa judul novel karangan Anna Mustikaati sakaligus ngaran tokoh utama wanojana, nu digambarkeun salaku wartawati geulis, wanian, pamikiranana geus motékar, tapi angger napak dina adeg-adeg wanoja Sunda, angger dina adat-istiadat kasundaan.